



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVÈL MEZI POU BAY JÈN FI YO POUVWA NAN ETA NEW YORK

Modil Aprantisaj “Be Aware-Be Informed” lan Pral Bay Pouvwa a Jèn Moun yo pou Fòm Bon Relasyon

Pwopozisyon yo, kòm yon Pati nan Kalandriye Fanm 2018 lan pou New York, Li Pral Favorize Fòmasyon Bon Relasyon, Travay pou Konble Inegalite onivo Sèks yo nan STEM, Bay Opòtinite Sipèvizyon ak Lidèchip pou Fi yo, epi Asire Aksè a Pwodwi Manstriyèl yo nan Lekòl Piblik yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvèl mezi pou bay fi yo pouvwa nan Eta New York kòm yon pati nan Kalandriye Fanm 2018 lan pou New York: Dwa egal ego, opòtinite egal ego. Pwopozisyon yo pral bay jèn moun yo pouvwa pou fòm bon relasyon, travay pou konble inegalite onivo sèks yo nan STEM, bay opòtinite sipèvizyon ak lidèchip pou jèn fi yo ki atravè Eta a, epi asire aksè a pwodwi manstriyèl yo nan lekòl piblik yo.

“New York ap mennen nan nasyon an nan defann dwa fanm yo epi kraze baryè kont egalite yo, epi misyon sa kòmanse depi lè fanm yo jèn fi”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak pwopozisyon sa yo, New York ap demonstre angajman nou pou bay fanm yo pouvwa pandan lavi yo, epi montre jèn fi yo ke yo ka fè tout bagay. Kalandriye Fanm 2018 nou an pral kontinye leve nivo a pi wo ankò e ankò pou fanm yo ki nan New York, kòmanse ak politik pou egalize domèn enteresan pou jèn fanm nou yo.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Komisyon Dwa Vòt Fanm (Women’s Suffrage Commission) Eta New York yo, te di, “Nou konnen ke lavi fanm yo fòm atravè eksperyans yo antan ke jèn fi. Pou kapab bay chak jèn fi nan New York yon gwo kòmansman, Kalandriye Fanm nou an pral asire ke jèn fi yo - ak jèn gason yo - aprann fè distenksyon ant bon relasyon ak abi yo, epi resevwa edikasyon seksyèl ki apwopriye pou laj yo, ki presi sou plan medikal, nan sal klas yo. Nou pral bay jèn fi yo tou zouti ke yo bezwen pou kapab vin jèn fanm ki reyisi, ki konfyan, apati konsantrasyon sou sipèvizyon ak ekspozisyon a karyè ki pa tradisyonèl epi ki peye byen yo. Sèl fason pou reyèlman chanje kilti nou an yon fwa pou tou se fè chanjman nan chak faz ki nan lavi yon fanm”.

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te deklare, “Chanjman nou an pou Konsèy Fanm ak Jèn Fi yo li te senp: fè vanse dwa fanm yo ki nan eta nou an, epi asire ke tout politik eta yo pran an kont dwa fanm ak jèn fi yo. Ak seri pwopozisyon sa yo nou ap pran mezi imans pou kapab kreye yon wout pou lidèchip paske nou vle jèn fi yo reve lwen. Epi nou konnen ke sa ap rive sèlman lè depi nan kòmansman yo te sosyalize epi edike yo pou yo kapab fè sa -- travay fiti ak karyè pou jèn fi nou yo mande sa”.

Kreye Modil Aprantisaj “Be Aware-Be Informed” (An Nou Enfòmè - An Nou Atantif) pou Emansipe Jèn Moun pou yo Fòmè Relasyon Sen

Selon Sant pou Kontwòl Maladi an, elèv New York yo rapòte yon pi wo nivo vyolans fizik nan relasyon yo ke nivo mwayen nasyonal la, epi plis ke yonn sou sis nan elèv fi nan lekòl segondè yo ki nan New York rapòte ke yo fòse yo antre nan aktivite seksyèl. Fòs Entèvansyon Eta New York lan reponn a plis pase senksan mil apèl pou vyolans domestik pa ane, epi vyolans domestik se rezon ke yo site pou 25 fanm ak jèn fi ki sanzabri yo. An plis, plis pase 42 pousan nan ensidan vyolans nan relasyon yo te pase sou pwopriete lekòl yo, men sèlman 3 pousan nan elèv yo te enfòmè yon granmoun. Rechèch yo sijere ke patèn konpòtman nan relasyon ki pa sekirize sa yo kapab kòmanse depi nan laj 11 an. Sepandan, edikasyon ki efikas sou prevansyon vyolans nan relasyon yo te montre ke yo bese nivo nouvo ka yo de 60 pousan. Tout jèn moun New York yo dwe gen aksè a zouti pou kapab bese nivo nouvo ka asèlman seksyèl yo, asèlman ak vyolans sou adolesan nan relasyon yo.

Gouvènè Cuomo pwopoze pou Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) ak Depatman Sante (Department of Health) Kowòdone pou kreye yon modil aprantisaj K-12 sou relasyon ki sen. Kourikoulòm sa a ap gen ladan menm definisyon konsantman ki nan lwa asiksè “Ase se Ase” (Enough is Enough) pou ankouraje yon menm konpreyansyon pou tout elèv yo. Lòt sijè yo ta dwe enkli enfòmasyon ki apwopriye pou laj yo nan konfwonte epi evite asèlman seksyèl yo ak asèlman ak vyolans sou adolesan nan relasyon yo, menm jan ak sante seksyèl ki presi sou plan medikal. Mezi sa yo pral ede asire ke elèv yo an sekirite nan lekòl yo epi ke yo trete yo ak respè ak dinyite. Eta a pral bay lekòl yo kapasite pou bay elèv yo pouvwa pou pran desizyon ki bon pou sante yo nan lavi pèsonèl yo.

Travay Pou Konble Inegalite onivo Sèks yo nan Bay Pi Jèn Elèv yo Aksè a Syans Enfòmè ak Teknoloji

Edikasyon nan syans enfòmè yo pi enpòtan ke jamè. Teknoloji pami sektè ki ap devlope pi rapidman epi ki peye pi plis yo aktyèlman, epi li se okipasyon ki gen demann ki an premye pozisyon nan Eta New York, men menm si 93 pousan paran yo rapòte ke yo vle pitit yo etidye Syans Enfòmè, majorite lekòl piblik New York yo pa ofri syans enfòmè nan sal klas yo.

An plis, gen yon seri inegalite onivo sèks pami elèv ki ap etidye syans enfòmè yo. An 2015, New York te gen 3,801 etidyan ki gradye nan syans enfòmè; sèlman 18 pousan te fi. Sèlman 3,761 elèv nan lekòl segondè yo ki nan New York te pase egzamen Syans Enfòmè AP a an 2016; sèlman 25 pousan te fi.

Ane sa, Gouvènè Cuomo pral lanse pi gwo investisman Eta a nan New York pou elaji bon jan kalite edikasyon nan syans enfòmatrik yo lè y'ap ofri resous ak sipò pwofesè nan syans enfòmatrik ak teknoloji, espesyalman pou pi jèn elèv yo, kòmanse apati lekòl matènèl epi kreye yon kontinyasyon pou rive nan lekòl segondè. Li enpòtan pou rive atenn elèv yo nan laj jèn yo, pliske rechèch yo te sijere ke jèn fi yo gen mwens pwobabilite pouswiv karyè STEM yo lè yo granmoun, menm lè ke yo egalman talantye nan matematik. Gouvènè an ap pwopoze yon angajman 6 milyon dola pa ane pou pwogram Smart Start lan ki pral bay sibvansyon pou lekòl yo pou devlopman pwofesè nan syans enfòmatrik. Tout lekòl yo pral kalifye men sibvansyon yo pral ale nan lekòl ki gen plis nesesitye yo an premye. Nan bay sipò pwofesè yo pou vin tounen ekspè a domisil nan syans enfòmatrik, plis elèv pral ekspoze a syans enfòmatrik yo epi pral seleksyone tèt yo ladan li. Lekòl ki resevwa yon prim yo pral travay ansanm ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pou elabore pwogram yo pou biznis rejyonal yo oswa nesesitye patwon fiti yo.

An plis, Gouvènè an pral konvoke yon gwoup travay ki gen edikatè ak patnè endistri yo pou kreye modèl estanda syans enfòmatrik yo pou mete disponib pou nenpòt lekòl. Lè nou ekipe jèn moun nou yo ki gen aptitud nan syans enfòmatrik yo nan jèn laj yo aktyèlman, nou pral prepare yo pou travay fiti yo.

Kontinye Pwogram Ankadreman Asiksè Eta New York la (New York State Mentoring Program)

Anviwon 13,000 elèv, plis pase sis pousan, toujou kite lekòl segondè chak ane. Nivo moun ki kite lekòl yo li menm pi wo pou Elèv ki gen Andikap ak Elèv Lang Anglè yo. Yo rekonèt sipèvizyon kòm yon estrateji prevansyon ki aplike pa Depatman Edikasyon Etazini an pou moun ki ap kite lekòl yo.

Yon etid de plis pase 14,000 adolesan te dekouvri ke jèn moun ki gen yon mantò ki granmoun yo gen de fwa plis pwobabilite pou ale nan inivèsite menm jan ak konpayon yo. Sepandan sèlman mwatye jèn ki pòv yo rapòte ke yo gen yon mantò ki granmoun. Rechèch yo te dekouvri ke jèn moun yo ki gen mantò yo te gen mwens pwobabilite pou vyole lwa yo oswa eksperimante abi sibstans yo. Mantò yo ap fè yon diferans nan ede elèv tout kondisyon yo reyisi. Yon etid ki separe te dekouvri ke jèn fi yo ki angaje nan yon relasyon mantora ki bay sipò yo te gen kat fwa mwens pwobabilite pou patisipe nan konpòtman pou fè moun pè yo ke jèn fi ki pa gen mantò yo.

Gouvènè Cuomo rekonèt enpòtans wòl yon adilt jwe nan lavi yon timoun li ankadre; kidonk li relanse pwogram Ankadreman Eta New York ane 2015 la. Nan lane 1984, sou demann mari li, Gouvènè Mario Cuomo, Madam Matilda Raffa Cuomo te kreye epi aplike Pwogram Ankadreman Eta New York, premye pwogram ankadreman san parèy, ki te pèmèt tèt-a-tèt nan lekòl yo, pou anpeche timoun abandone lekòl. Jodi a, pwogram Ankadreman Eta New York la sèvi 1,766 elèv nan 97 sit ki chita nan lekòl atravè Eta New York.

Lanse “Si W ka Imajine li, ou ka Kreye li” (“If You Can See It You Can Be It”), Yon Jounen pou Ti Fi wè Kisa ki Posib

Marian Wright Edelman, ki se lidè dwa sivil ki selèb epi ki se fondatris “Children's Defense Fund” ki te pwoklame famezman, “Li difisil pou ou se sa ke ou pa kapab wè.” Pandan ke fanm yo ap fè pwogrè pou egalite a yon nivo ki san parèy nan istwa, sosyete

a toujou ap tonbe ba. New York ap defann kwayans ki di ke si ou travay di, ou kapab tou vin nenpòt sa ke ou vle, kèlkeswa sèks ou, men genyen plis bagay pou nou fè pou ede mete a nivo domèn enteresan an.

Pou kapab ankouraje plis jèn fi antre nan pwofesyon ki “pa tradisyonèl” yo epi pouswiv pozisyon nan lidèchip nan tout domèn yo, Gouvènè Cuomo ap anonse yon kanpay “If You Can See It, You Can Be It (Si Ou Wè Li, Ou Ka Vin Tounen Li)”. Nan kad “Mennen Pitit Fi Nou yo Nan Travay” (“Take Our Daughters to Work Day”), ki te kòmanse nan New York gen 25 ane de sa, Eta New York ap amelyore pwogram entèn li e met tèt ansanm avèk gwo konpayi New York pou bay plis ti fi opòtinite pou suiv lidè fanm nan domèn ki “pa tradisyonèl.” Eta a pral travay tou pou konekte jèn ki san kay, jèn nan mezon adoptif, ak jèn moun ki soti nan zòn ki defavorize, avèk pwogram kote yo abite a. An plis, Eta a pral devlope tou yon kanpay PSA “If You Can See It, You Can Be It (Si Ou Wè Li, Ou Ka Vin Tounen Li)”, epi lanse yon modil aprantisaj pou bay yon odyans jèn fi ki pi laj zouti ke yo bezwen pou reyalize yon avni san limit.

Asire Aksè A Pwodwi Ijyenik Feminen yo nan Lekòl Piblik yo

Anpil jèn moun yo ki nan New York manke aksè a pwodwi ijyenik feminen yo, ki nesèsè menm jan ak papyè twalèt ak savon, men ki pa janm fasil pou yo disponib oswa gratis. Nan New York, 42 pousan timoun yo ap viv nan fanmi ki gen revni fèb yo. A 7 pou rive 10 dola pa pake, yon pwovizyon pou yon mwa pou yon bagay ki senp menm jan ak yon bwat sèvyèt ijyenik oswa tanpon yo kapab yon depans an twòp pou fanmi ki an difikilte yo. Nasyon Ini yo (United Nations) te menm relye ijyèn manstriyèl yo ak dwa imen yo.

Ane sa, Gouvènè Cuomo ap pwopoze pwojè lwa pou mande distrik lekòl yo pou yo bay pwodwi ijyenik feminen ki gratis, nan twalèt yo, pou jèn fi ki nan klas 6èm rive 12èm ane. Etap enpòtan sa a pral fè Eta New York tounen yon lidè nan pran ka pwoblèm inegalite ak enfami, asire ke pa gen okenn ti fi ki gen pwoblèm aprantisaj poutèt li pa ka jwenn pwodwi byoloji li egzije pou l genyen.

Robin Chappelle Golston, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Planned Parenthood Empire State Acts, te deklare, “Gouvènè an ansanm ak Konsèy sou Fanm yo ak Jèn Fi yo konnen ke konesans se pouvwa, epi nou aplodi enklizyon modil ‘Be Informed-Be Aware’ lan nan Pwopozisyon Bidjè Egzekitif lan. Nan bay jèn moun yo zouti ke yo bezwen pou kapab gen bon relasyon ki sekirize, sa ap benefisye a tout moun New York yo. Se yon eleman kle nan bay tout jèn yo aksè a aprantisaj ki apwopriye pou laj yo epi ki presi sou plan medikal, kèlkeswa kote y’ap viv. Nou espere travay ansanm ak Gouvènè an ak Konsèy lan pou fè sa vin yon reyalite”.

Andrea Miller, Prezidan, National Institute for Reproductive Health, te deklare, “Gouvènè Cuomo ansanm ak Konsèy sou Fanm yo ak Jèn Fi yo te franchi yon etap annavan ki enpòtan lè yo enkli yon insyativ sante seksyèl global K-12 nan bidjè an ak modil edikasyon ‘Be Aware, Be Informed’ lan. Lè tout elèv yo gen enfòmasyon pou kapab pran desizyon ki bon pou sante yo, epi lekòl nou yo gen resous pou kapab bay enfòmasyon sa, rezilta a se yon New York ki pi an sante”.

Direktris Egzekitif NYCLU an Donna Lieberman te deklare, “Ak modil “Be Aware, Be Informed” lan, Gouvènè Cuomo ansanm ak Konsèy sou Fanm yo rekonèt ke sipòte edikasyon, devlopman ak idantite jèn moun yo sa mande enstwiksyon ak

kwonstwiksyon aptitud sou kò ak relasyon ki an sante yo. Nou espere travay ansanm pou kapab asire ke konpozan sa yo nan edikasyon seksyèl global lan touche chak grenn elèv ki nan eta nou an”.

Ko-Prezidan Kowalisyon “Make the CASE” Eta New York lan, Jillian Faison te deklare, “Kowalisyon nou an aplodi Gouvènè an ansanm ak Konsèy sou Fanm yo ak Jèn Fi yo poutèt yo enkli yon insyativ sante seksyèl global K-12 nan bidjè an atravè modil edikasyon ‘Be Aware, Be Informed’ yo an. Nou espere travay ansanm ak Egzekitif lan pou asire ke tout timoun yo gen aksè a enfòmasyon ki nesèsè yo pou kapab pran desizyon ki bon pou sante konsènan kò yo. Timoun ki an sante ap kreye yon New York ki an sante”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418